

Modifikasyon Nimewo 8 (Non-Sibstansyèl)

Modifikasyon Non-Sibstansyèl Nimewo 8			
# Paj Avan	# Nouvo Paj	Seksyon	Chanjman/Adisyon/Anilasyon
82	83	Egzijans Jeneral Plan Daksyon yo	<p>Yo revize fraz, [Yo konsidere nenpòt bilding ki gen yon pri reparasyon total ki plis pase 50 pouzan kòm yon bilding ki gen dega sibstansyèl epi y ap egzije pou yo mete tout kay la nèt vin konfòm a kòd yo" pou klarifye ke yo konsidere nenpòt bilding ki gen yon pri reparasyon total ki plis pase 50 pouzan kòm yon bilding ki gen dega sibstansyèl jan jiridiksyon lokal yo detèmine epi yo sijè a egzijans pou konfòm a kòd yo.</p>
85	PA APLIKAB	Egzijans Jeneral Plan Daksyon yo	<p>Yo reetire deklarasyon ki eksplike pwosesis pou aplikan yo konteste kalite travay konstriksyon ak reyabilitasyon an.</p> <p>Aplikan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la yo ka depoze yon plent a nenpòt ki moman pa mwayen Fòmilè Plent pou Mèt Kay w ap jwenn sou sitwèb DEO a. Aplikan yo ka depoze yon plent oswa mande enfòmasyon tou lè yo kontakte anplwaye Jesyon Sèvis Elektè Biwo pou Rekiperasyon apre Katastwòf la nan telefòn, imèl, oswa lapòs.</p>
90	90-94	Pwojè yo ak Aktivite yo	<p>Yo retire tablo ki prezante Bidjè Pwogram ki date 28 jen 2018 la ak Bidjè yo Pwopoze pou Pwogram lan ki date 9 oktòb 2018 la avèk Montan Ajiste a</p> <p>Modifikasyon Plan Daksyon ki afiche sou sitwèb DEO a (www.floridajobs.org/cdbg-dr) dokimante chanjman ak ajisteman yo te fè nan Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf Eta Florid la ak Bidjè Pwogram CDBG-DR a</p> <p>Yo ajoute tablo ki afiche Bidjè Pwogram lan apati 4 novanm 2019 (Modifikasyon Non-Sibstansyèl #7) ak Bidjè Modifye Pwogram lan nan dat 6 mas 2020 (Modifikasyon Non-Sibstansyèl #8) avèk Chanjman Montan yo.</p> <p>Yo ajoute langaj motif pou sipòte Bidjè Modifye Pwogram lan.</p>
91	91	Pwojè yo ak Aktivite yo Bidjè Pwogram lan	Yo chanje Repatisyon Bidjè MID Pwogram Reparasyon Lojman an (Bidjè Total la se \$346 186 147) vin \$276 948 917,60 (80%) ak \$69 237 229,40 (20%) pou presizyon.

91	91	Pwojè yo ak Aktivite yo Bidjè Pwogram lan	Yo retire \$30 882 761 nan Pwogram Reyachte Kay Volontè a epi mete Bidjè Total la ajou vin \$44 117 239. Yo mete Repatisyon Bidjè MID a ajou vin \$35 293 791,20 (80%) ak \$8 823 447,80 (20%).
91	91	Pwojè yo ak Aktivite yo Bidjè Pwogram lan	Yo retire \$5 549 344,00 nan Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv la epi mete Bidjè Total la ajou vin \$14 450 656. Yo mete Repatisyon Bidjè MID a ajou vin \$11 560 524,80 (80%) ak \$2 890 131,00 (20%).
91	91	Pwojè yo ak Aktivite yo Bidjè Pwogram lan	Yo retire \$25 160 095 nan Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan epi mete Bidjè Total la ajou vin \$40 839 905. Yo mete Repatisyon Bidjè MID a ajou vin \$32 671 924 (80%) ak \$8 167 981 (20%). Yo chanje Kantite Inite yo Estime pou Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan soti 250 vin 157.
92	92	Pwojè yo ak Aktivite yo Bidjè Pwogram lan	Mete bidjè total Pwogram pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti a ajou soti \$85 819 653 vin \$147 411 853, pou l gen ladan transfè \$30 882 761 k ap soti nan Bidjè Pwogram Reyachte Kay Volontè a, \$5 549 344 k ap soti nan Bidjè Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv la, ak \$25 160 095 k ap soti nan Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan. Mete Repatisyon Bidjè MID a ajou soti \$117 929 482,40 (80%) vin \$29 482 370,60 (20%).
91-92	92	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo retire fraz, "Florid pral resevwa \$634 milyon dola anplis pou sipòte bezwen anplis ki pa satisfè yo, ki gen ladan enfrastrikti ak efò pou limite dega pa mwayen pwogram CDBG-DR la. Y ap atribiye finansman anplis y ap bay pwogram sa yo nan bidjè a lè yo pibliye direktiv federal la." Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini an (HUD) te pibliye gid federal pou pwogram Rediksyon Dega CDBG a nan dat 23 out 2019.
107	106	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo ajoute langaj pou klarifye ke kay mobil yo pral ranje yo pa dwe gen plis pase senk ane nan moman y ap fè evalyasyon dega a.
PA APLIKAB	106	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo ajoute enfòmasyon sou deplasman inite lojman mobil yo

113	113	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo mete Alokasyon Aktivite a ajou vin \$44 117 239 pou Pwogram Reyachte Kay Volontè a
115	PA APLIKAB	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo retire fraz, "Anplis, y ap egzije sou-benefisyè yo pou yo demonstre ke yo refere diplome ki reyisi fini fòmasyon WRTP yo a biznis ke pwojè CDBG-DR finanse yo ap sipòte oswa k ap travay nan pwojè sa yo pou yo ka rive atenn objektif ki fikse nan Seksyon 3 kontra yo a" pou asire ke DEO pa vyole Lwa sou Dwa Edikasyonèl ak Vi Prive Fanmi an pa aksidan.
115	116	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo mete Alokasyon Aktivite a ajou vin \$14 450 656 pou Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv la
116	117	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo chanje fon yo rezève pou pòsyon asistans teknik nan kad Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan soti \$6 000 000 vin \$3 500 000.
117	118	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo mete Alokasyon Aktivite a ajou vin \$40 839 905 pou Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan
119	PA APLIKAB	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo mete Alokasyon Aktivite a ajou vin \$147 411 853 pou Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan
174	174	Apandis 11	Nouvo Pwojeksyon Depans yo

DEO pral tabli metòd pou jwenn si pri yo rezonab pa mwayen rechèch y ap fè sou sèvis y ap chache ak achte yo. DEO pral konsilte òganizasyon komèsyal yo aksepte nan endistri a, pwogram ki te fèt nan tan pase yo, ak lòt benefisyè sibvansyon rejyonal yo pou yo bay opinyon yo sou pri yo mande pou sèvis y ap achte yo.

DEO pral defini "difikilte demontre" kòm eksepsyon a politik pwogram yo pou aplikan yo ki demontre yo gen difikilte enjistifye. Yo pral revize aplikan ki nan sitiyasyon sa yo selon ka pou detèmine si yo bezwen asistans pou soulaje difikilte sa a. Difikilte yo ka demontre gen ladan, men pa sèlman, anpil dèt akoz yon katastwòf natirèl, andikap, elatriye. Lè gen dokimantasyon, DEO ka otorize moun ki gen andikap yo depase limit \$150 000 selon ka epi si pri a rezonab.

5. Estanda Elvasyon yo

DEO pral devlope ak reyalize estanda konstriksyon kay rezistan, ki gen ladan estanda konsepsyon pou tout estrikti yo konsevwa presizeman pou itilizasyon rezidansyèl epi ki sitiye nan plèn inondab 100 tan (oswa 1 pousan chans anyèl) ki resevwa asistans pou nouvo konstriksyon, fè reparasyon gwo dega oswa fè gwo amelyorasyon, jan yo defini nan 24 CFR 55.2(b)(10). DEO pral egzije elvasyon estrikti sa yo nan fason kote etaj ki pi ba, ki gen ladan sou-sòl la, omwen de pye pi wo pase baz elvasyon inondasyon an ki se egzijans wotè minimòm yo tabli nan Avi Rejis Federal 9 fevriye 2018 la. DEO pral respekte kòd konstriksyon lokal yo kote yo egzije estanda elvasyon ki pi elve a. DEO ka elve jiska 3 pye pi wo pase baz elvasyon inondasyon pou pwopriyete ki konsène a pou li ka kalifye pou rabè sou prim asirans inondasyon NFIP a lè pri a rezonab pou eta fè sa a ak lè li pa kreye lòt konfli.

Yo dwe elve oswa mete mezi pwoteksyon kont inondasyon nan estrikti a izaj miks yo ki pa gen inite abitasyon epi ki pa gen rezidan ki nan nivo de pye pi wo pase 1 pousan plèn inondab anyèl la annakò ak estanda mezi pwoteksyon kont inondasyon FEMA ki nan 44 CFR 60.3(c)(3)(ii) oswa estanda ki tabli apre I la, jiska omwen de pye pi wo pase 1 pousan plèn inondab anyèl la.

Y ap egzije mèt pwopriyete y ap ede atravè pwogram rekiperasyon an pou yo achte ak mentni asirans inondasyon si pwopriyete yo sitiye nan yon plèn inondab FEMA deziyen. Egzijans sa a obligatwa pou pwoteje sekirite rezidan yo ak pwopriyete yo ak lajan gouvènman federal la investi yo. Florida pral asire yo respekte Seksyon 582 nan Lwa sou Refòm Asirans Inondasyon Nasional la, konsènan responsablite pou enfòme mèt pwopriyete k ap resevwa asistans pou rekiperasyon apre katastwòf ki fè yo egzije pou y achte asirans inondasyon an ke yo gen yon responsablite legal pou yo avize nenpòt moun yo transfere pwopriyete a bay pou yo jwenn ak mentni asirans inondasyon, epi ke pwopriyetè k ap transfere tit la ka responsab si li pa rive fè sa a. Plis egzijans Kòd Konstriksyon Eta Florid la ka aplike, anplis kòd lokal yo jan sa aplikab.

Onivo nasional, pri pou elve yon kay koute ant \$30 000 a \$100 000 an mwayèn. Depans pou elve yon kay an mwayèn ap depann de plizyè faktè ki gen ladan, men pa sèlman: gwochè kay la, konbyen pye yo dwe elve I ak kote kay la ye. Dapre rechèch preliminè, pri pou elve yon kay nan Florid koute ant \$35 000 a \$115 000 an mwayèn. Toutfwa, pri pou w elve a ka plis oswa mwens depandaman de valè kay la koute ak faktè ki mansyone anwo yo. Pri pou elve yon kay pa dwe depase 49 pousan valè kay la te koute avan tanpèt la. Yo considere kèlkeswa modifikasyon ki gen yon pri total reparasyon ki plis pase 50 pousan kòm dega sibstansyèl dapre detèminasyon jiridiksyon lokal la epi li sije a estanda egzijans reglementè yo.

konfòmeman ak Lwa Robert T. Stafford la, jan yo modifye l la, eta a pral reyalize politik ak pwosedi pou asire pa gen okenn moun k ap resevwa avantaj doub pou menm objektif ak/oswa efè pou yo retabli apre dega Ouragan Irma.

9. Pwoteksyon pou Moun ak Pwopriyete; Metòd Konstriksyon yo

Y ap elabore asistans lojman yo ofri nan kad pwogram retablisman apre katastwòf DEO a kote y ap konsantre sou bon jan kalite metòd ak materyèl konstriksyon dirab, ekolojik, epi ki itilize enèji nan fason efikas.

Sa ap gen ladan nòm minimòm ki annapre yo:

- Y ap baze nòm konstriksyon yo sou Kòd Konstriksyon Florid la epi yo dwe satisfè oswa depase egzijans aplikab yo.
- Konstriksyon yo pral konfòm a Nòm Konstriksyon Ekolojik la pou tout novo konstriksyon biling rezidansyèl ak pou tout ranplasman biling rezidansyèl ki te sibi anpil domaj yo (sa vle di, kote pri reparasyon yo depanse 50 poustan pri ranplasman an) daprè Kowalisyon Biling Ekolojik Florid la.
- Pou konstriksyon reyabilitasyon yo, eta a pral swiv Lis Verifikasyon Reyamenajman Biling Ekolojik la nan mezi li aplikab pou travay reyabilitasyon y ap atreprann yo, ki gen ladan itilizasyon pwodui ki rezistan a mwazisi lè y ap ranplase sifas tankou mi plak yo. Lè yo ranplase pwodui ansyen oswa demode yo nan kad travay reyabilitasyon yo, yo egzije reyabilitasyon an itilize pwodui ki gen etikèt ENERGY STAR, etikèt WaterSense, oswa pwodui ak aparèy elektwomenaje Pwogram Jesyon Enèji Federal la deziyen (Federal Energy Management Program, FEMP), oswa lòt pwodui ekivalan.

DEO pral tabli nòm ki konfòm pou konstriksyon yo. Yo pral kalifye kontraktè konstriksyon yo pa mwayen yon envitasyon pou patisipe nan pwosesis òf la. Pou asire gen konkirans konplè ak ouvè, pa mwayen yon envitasyon pou patisipe nan pwosesis òf la, DEO pral swiv direktiv 24 CFR 570.489(g) yo ominimòm ak tout lwa sou acha eta a yo. Kontraktè yo pral konfòm a seksyon 3 nan Lwa sou Lojman ak Developman Iben 1968 la (12. U.S.C. 1700lu), epi fè respekte règleman yo ki nan 24 CFR pati 153. Kontraktè yo chwazi sou kontwòl DEO yo pral asire ke moun ki gen revni fèb ak revni trè fèb yo - kote y ap espesyalman dirije opòtinite anvè rezidan ak biznis lokal ki satisfè egzijans kalifikasyon pou pwojè a. Kontraktè yo pral fè tout efò posib pou yo rekrite, sible, ak dirije opòtinite anvè rezidan ak biznis Seksyon 3 yo ansanm ak enfòme rezidan seksyon 3 yo de opòtinite fòmasyon ki disponib yo. DEO pral bay Kontraktè yo resous itil pou maksimize efò sa yo, ki gen ladan men pa sèlman, yon Rejis Biznis Seksyon 3, ak egzanp opòtinite fòmasyon ak travay ki disponib yo. Pwosedi pou chache jwenn Kontraktè yo ap sou kontwòl DEO.

Kontraktè yo, kontraktè soutretans yo, founisè materyèl yo, travayè ak pwofesyonèl yo gen dwa pou yo fè respekte reklamasyon pou peman travay, materyèl ak/oswa sèvis yo kont pwopriyete imobilye yo amelyore a daprè lwa Florid la (Chapit 713, Pati I Lwa Florid yo) Yo rele reklamasyon sa a yon privilèj konstriksyon epi yo pa ka bay egzansyon alavans daprè lwa Florid la. Si yon privilèj konstriksyon ki legalman aplikab daprè lalwa rive kont rezidans prensipal yon aplikan akoz nenpòt pwojè konstriksyon nan kad pwogram retablisman apre katastwòf DEO a, Depatman an pral responsab pou libere ak satisfè privilèj konstriksyon ki legalman aplikab daprè lalwa a pa mwayen obligasyon ak/oswa ranbousman privilèj la onon mèt pwopriyete a.

DEO pral egzije yon peryòd garanti apre konstriksyon an pou lojman ki gen yon kontraktè k ap fè tout travay yo garanti pou yon peryòd ennan.

2. Bidjè Pwogram nan

DEO se ajans prensipal ak antite ki responsab pou jere fon \$773,598,000 Sibvansyon Blòk Developman Kominotè pou Rekiperasyon apre Katastwòf (CDBG-DR) ki distribye bay eta a pou rekiperasyon an. Dapre Rejis Federal la, total depans endirèk akimile DEO a, asistans pou depans administratif ak teknik yo p ap depase 5 poustan nan total sibvansyon an (\$38,679,900) plis revni pwogram nan. DEO a ap limite depans yo a yon maksimòm 20 poustan nan montan total sibvansyon an sou yon konbinezon planifikasyon endirèk ak depans administrasyon pwogram nan. Depans planifikasyon yo sijè a 15 poustan previzyon se sa yo ki defini nan atik 42 U.S.C. 5305(A)(12). Depans administrasyon Eta ak lokal la prevwa a 5 poustan total la pa règlemantasyon federal la. Eta a ap bay lòt enstriksyon pou sou-benefisyè yo konsènan montan fon administratif ki disponib pou yo. Depans livrezon pwojè ki kalifye yo prevwa antre kòm yon pòson alokasyon finansman sibvansyon yo bay chak sou-benefisyè. Sou-benefisyè yo ap responsab pou swiv epi kontwole depans sa yo kòrèkteman ki pa ka antre nan kad distribisyon sibvansyon jeneral la bay chak pwojè endividiyèl oubyen aplikan endividiyèl jan li aplike a.

Bidjè pwogram nan repati konsa:

Bidjè Pwogram nan									
Pwogram	Bidjè Total	Repatisyon Bidjè MID		Minimòm ki Rezève pou Keys	Minimòm ki Rezève pou Nouvo MID yo	Benefis LMI yo Estime	Alokasyon Maksimòm	Alokasyon mwayen pa inite	Kantite Inite yo estime**
		80%	20%						
Bidjè Lojman									
Pwogram Reparasyon Lojman	\$346,186,147	\$276 948 917,60	\$69 237 229,40	\$50,000,000	\$51,856,347	90%	\$150,000	\$45,000	7,150
Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Lwaye Bon Mache pou Mendèv: Eksplwatasyon Lòt Sous Finansman	\$100,000,000	\$80,000,000	\$20,000,000	\$25,000,000	N/A	100%	\$8,000,000	\$60,000	1,670
Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Lwaye Bon Mache pou Mendèv: Developman Ti Lojman pou Lwaye	\$20,000,000	\$16,000,000	\$4,000,000	\$0	N/A	100%	\$5,000,000	\$125,000	160
Akizisyon Teren pou Lojman Bon Mache pou Mendèv	\$20,000,000	\$16,000,000	\$4,000,000	\$10,000,000	N/A	100%	\$5,000,000	N/A	N/A
Pwogram Racha Kay Volontè	\$44 117 239	\$35 293 791,20	\$8 823 447,80	\$10,000,000	N/A	50%	\$5,000,000	\$225,000	300

Bidjè RELANS EKONOMIK									
Fòmasyon Mendèv pou Rekiperasyon	\$14 450 656	\$11 560 524,80	\$2 890 131,20	N/A	N/A	100%	N/A	N/A	N/A
Sibvansyon pou Rekiperasyon Biznis	\$40 839 905	\$32 671 924	\$8 167 981	N/A	N/A	100%	\$500,000	N/A	157
INFRASTRUCTURE Budget									
Sik Aplikasyon Reparasyon Enfrastruktak Pwogram Diminisyón Risk	\$147 411 853	\$117 929 482,40	\$29 482 370,60	N/A	*these are included in the 80%	25 %	N/A	N/A	N/A
STATE AND LOCAL ADMINISTRATION									
Administrasyon (5%)	\$38,679,900	N/A	N/A	N/A	N/A	N/A	N/A	N/A	N/A
Planifikasyon	\$1,912,300	N/A	N/A	N/A	N/A	N/A	N/A	N/A	N/A
TOTAL	\$773,598,000	\$586,404,640	\$146,601,160	\$95,000,000	\$51,856,347				

Yo pral depanse uit poustan nan chak alokasyon yo bay pwogram ki nan lis anba la anndan kominote HUD idantifye kòm kominote ki plis afekte ak plis an detrès yo. Finansman an ki gen ladan kòm yon minimòm yo rezève pou Konte Monroe a se yon souzansanm nan 80 poustan yo pral depanse nan kominote ki plis afekte ak plis an detrès yo. Yo pral depanse rès 20 poustan nan kominote eta idantifye kòm kominote ki plis afekte ak plis an detrès yo, ke yo mete nan lis ki nan tablo anwo a.

*Yo kalkile kantite inite yo estime yo baze sou sipozisyon ke montan prim pa inite a pral varye soti nan prim yo estime an mwayèn lan rive \$150 000 prim yo estime omaksimòm lan. Y ap awondi kantite inite yo estime nan bidjè pwojè sa a pou pèmèt gen fleksibilite ak nenpòt enpresizyon ki ka genyen nan estimasyon nou yo. Yon fwa DEO resevwa done ki pi egzakt yo, y ap mete bidjè pwogram lan ajou pou l reflete vrè pri ak kantite inite yo nan fason egzakt. Y ap mete ajisteman sa yo nan modifikasyon plan dakson alavni yo. Evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo demonstre ke majorite bezwen ki pa satisfè yo gen rapò ak lojman. Kidonk, pi plis alokasyon finansman an pral reponn a rès bezwen lojman ki pa satisfè ki rete yo.

Deskripsyon pwogram lan ki anba la pral bay plis detay sou fason chak pwogram pral distribiye finansman an epi satisfè Objektif Nasional HUD yo. DEO pral fè respekte nòm jesyon, kontwòl, ak sipèvizon pwogram lan ki nesesè pou asire konfòmite ak egzijans eta ak federal yo.

Aktivite Pwogram lan	Novanm 4, 2019 Bidjè Pwogram	Fevriye 21, 2020 Amande Pwogram Bidjè	kantite lajan ajiste
Pwogram Reparasyon Lojman	\$ 346 186 147	\$ 346 186 147	
Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Lwave Bon Mache pou Mendèv: Eksplwatasyon Lòt Sous Finansman	\$ 100 000 000	\$ 100 000 000	-
Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Lwave Bon Mache pou Mendèv: Devlopman Ti Lojman pou Lwave	\$ 20 000 000	\$ 20 000 000	-
Akizisyon Teren pou Lojman Bon Mache pou Mendèv	\$ 20 000 000	\$ 20 000 000	-
Pwogram Racha Kay Volontè	\$ 75 000 000	\$ 44 117 239	-\$ 30 882 761
Fòmasyon Mendèv pou Rekiperasyon	\$ 20 000 000	\$ 14 450 656	-\$ 5 549 344
Sibvansyon pou Rekiperasyon Biznis	\$ 66 000 000	\$ 39 137 963	-\$ 26 862 037
Sik Aplikasyon Reparasyon Enfrastrikti ak Pwogram Diminisyon Risk	\$ 85819 653	\$ 149 113 795	+\$ 63 294 142
Administrasyon (5%)	\$ 38 679 900	\$ 38 679 900	-
Planifikasyon (5%)	\$ 1 912 300	\$ 1 912 300	-
Total	\$ 773 598 000	\$ 773 598 000	-

Modifikasiyon Non-Sibstansyèl, Revizyon Nimewo 8 nan Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf Eta Florid la- Ouragan Irma, yo te soumèt bay HUD nan dat 6 mas 2020, kote yo te reyatribiye \$61 592 200 ki soti nan Pwogram Reyachte Kay Volontè a (VHB), Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv la (WRTP), ak Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan (BRGP) pou al nan Pwogram pou Repare ak Redui Dega nan Enfrastrikti a ki nesesè pou reponn a bezwen enfrastrikti ki poko satisfè yo apre pasaj Ouragan Irma.

Yo te lanse Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a avèk \$85 819 653 pou finanse pwojè amenajman ak amelyorasyon enfrastrikti nan kominote Ouragan Irma te afekte yo. Konte, minisipalite, distri jesyon dlo ak otorite dlo ki sitiye nan zòn ki plis afekte ak plis an detrè (MID) ki te sibi dega Ouragan Irma a yo ap elijib pou yo aplike pou finansman.

Pandan peryòd 90 jou premye aplikasyon an, Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a te resevwa 42 aplikasyon ki rive \$175 milyon otatal nan kantite lajan fon CDBG-DR yo mande. Nan dat 30 janvye 2020, Pwogram Reparasyon Enfrastrikti Rekonstwi Florid la te atribiye \$84,3 milyon bay 21 kominote. Reparasyon Enfrastrikti

Pwogram lan te resevwa aplikasyon pou pwojè jesyon dlo lapli, pwojè jesyon egou yo, ak pwojè jesyon dlo ki dirèkteman afekte lojman ak rezidan ki nan komite Ouragan Irma te afekte yo. Yon antite ki pa te an mezi resevwa finansman gen tiyo drenaj yo ki te bloke akoz twòp debri ki soti nan Ouragan Irma ansanm ak dega ki te fèt nan twotwa ak tèren ki sitiye nan limit 1,5 mil de 838 inite apatman miltifamilyal ki resevwa èd nan men HUD.

Akoz mank finansman, sik aplikasyon konpetitif Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a te mete restriksyon sou chak Inite Gouvènman Lokal (UGLG) pou chak antite depoze sèlman yon aplikasyon. Akoz de sa, DEO pa te an mezi finanse ranplasman yon pon pyeton kominotè ke elèv elemantè yo bezwen pou yo travèse kanal la pou y al lekòl paske gouvènman Konte a te soumèt yon aplikasyon pou yon lòt pwojè. Gras a finansman CDBG-DR anplis sa, Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a pral kapab finanse plis pwojè pou sipòte lojman, reparasyon dega epi kreye rezistans toupatou nan zòn Ouragan Irma te afekte yo.

Yo pa te depoze ase aplikasyon nan sik aplikasyon pou Pwogram Reyachte Kay Volontè a (VHB) ak Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv la (WRTP). VHB te finanse toule 11 pwojè yo te soumèt pou konsiderasyon yo pou \$44 117 238,92 ototal. Yo pral reyatribiye rès \$30 882 761 pou Pwogram pou Repare ak Redui Dega nan Enfrastrikti a pou reponn a bezwen enfrastrikti ki pokò satisfè yo apre pasaj Ouragan Irma. WRTP pral finanse pwojè yo pou \$14 450 656 ototal nan \$20 000 000 yo te atribiye pou pwogram WRTP a avan. Yo pral atribiye rès \$5 549 344 ki rete a pou Pwogram pou Repare ak Redui Dega nan Enfrastrikti a.

Apre yo te resevwa kòmantè nan men plizyè kominote kote yo te fè konnen yo gen plis bezwen èd pou Repare ak Redui Dega nan Enfrastrikti, Eta Florid swete reyatribiye \$25 160 095 k ap soti nan Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan pou al nan Pwogram pou Repare ak Redui Dega nan Enfrastrikti a.

Kay mobil ak kay prefabrike

Kay mobil oswa kay prekabrike ka kalifye pou reyabilitasyon nan kad pwogram sa a. Toutfwa, pou yo ka rantab, kay mobil yo pral ranje a pa dwe gen plis pase senk ane han moman y ap fè evalyasyon dega epi depans reparasyon pou reyabilite kay mobil/prefabrike a pa dwe depase \$15 000 (depans konstriksyon dirèk ak endirèk yo). Nenpòt kay mobil/prefabrike ki gen plis pase senk ane han moman y ap fè evalyasyon dega a osa depans yo prevwa pou fè reparasyon yo plis pase \$15 000 dwe egzije pou yo ranplase kay mobil/prefabrike a ak yon lòt kay mobil/prefabrike. Kay la dwe satisfè nòm HQS lè li fini. Si règleman zòn nan pa aksepte ranplasman yon kay mobil, DEO pral pèmèt konstriksyon ranplasman sou sit la oswa inite modilè ki konfòme yo ak nòm yo. Y ap analize apa chak ka ki mande ranplasman sou yon lòt sit nan yon anviwònman ki pi sekirité. Ranplasman se demoli, retire epi ranplasyon yon MHU ki domaje ak yon nouvo MHU ak menm anplasman an plizoumwén oswa nan yon nouvo zòn, si inite oriijinal ki domaje a te sou tè ki te anfème epi mèt MHU dwe deplase ale sou yon nouvo pwopriyete. Demenajman yon nouvo MHU pral mande yo fè plis analiz anviwònman ankò.

Deplasman Inite Kay Mobil Ranplasan yo limite pou aplikan ki gen MHU ki te sibi domaj ki sitiye sou pwopriyete yo lwe. Deplasman yon MHU ranplasan gen restriksyon yon nouvo inite ki andeyò wout inondasyon an oswa Zòn Ki Gen Risk Inondasyon Espesyal (SFHA, oswa "plèn inondab" nan yon pak kay mobil byen etabli oswa lòt tèren yo lwe ki gen yon apatman oswa enfrastrikti sèvis publik. Pwogram lan pral egzije pou bay dokiman ki pwouve ke pak kay mobil byen etabli a oswa tèren yo lwe a gen pwoteksyon obligatwa preyalab ak sèvis publik yo la. Yon lisans pwofesyonèl, koneksyon egou ak sèvis publik, oswa lòt pèmi jiridiksyon lokal yo bay ka sèvi kòm dokiman verifikasyon. Yon Dosye Revizyon Anviwònmantal (ERR) dwe fèt nan sit ki te sibi domaj la ak nan nouvo sit kote yo pral enstale nouvo inite a pou aplikan MHU yo ki pral demenaje al nan nouvo inite sou yon tèren diferan soti nan lokalite inite ki te sibi domaj la.

Rezime egzijans elijiblite yo

Pwogram reparasyon lojman DEO a pral sèvi mèt kay ki se rezidan prensipal yo ak mèt pwopriyete pou lwe yo kont HUD ak eta a idantifye kòm konte ki pi afekte ak pi an detrès yo. Mèt pwopriyete yo dwe pwouve domaj ke Ouragan Irma fè pou yo kalifye pou asistans reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman. Kritè kalifikasyon adisyonèl sa a yo aplike:

- A. Irma te lakoz dega nan kay la (DR-4337). Pwopriyete a dwe gen prèv dega ki te fèt la se te akòz katastwòf yo te deklare a. FEMA, SBA, ak/oswa yon kontraktè prive pral fè enspeksyon pou dokimante ki reparasyon kay la bezwen.
- B. Eta a pral bay mèt kay aplikan ki touche 80 poustan AMI a, oswa mwens; epi mèt kay ki lwe pwopriyete bay moun LMI yo. Si yo fin satisfè bezwen sa a, DEO ap ka etidyé dosye aplikan ki touche plis pase 80 poustan AMI yo.
- C. Tout aplikan yo dwe mèt yon kay pou yon fanmi, yon kay mobil/prefabrike, oswa yon pwopriyete pou lwe ki nan konte Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami-Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Lucie ak Volusia; epi nan 11 kòd postal ki pa nan zòn sa a yo (32084 ak 32145 nan Konte St. Johns, 32091 nan Konte Bradford, 32136 nan onte Flagler, 32771 nan Konte Seminole, 33935 ak 33440 nan Konte Hendry, 33523 nan Konte Pasco, 33825 ak 33870 nan onte Highlands ak 34266 nan Konte DeSoto) anvan evènman tanpèt Irma a. Sonje byen ke 80% lajan an dwe depanse nan konte ak kòd postal ke HUD deziyen MID

ensitasyon. Règleman DEO a pral asire ke ensitasyon pou reyenstalasyon li yo konfòme yo avèk egzijans Dwa Sivil ak Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman aplikab yo e ke pa gen okenn diskriminasyon kont yon klas ki pwoteje.

Alokasyon pou Aktivite a: \$44 117 239

Aplikan Elijib: Konte ak minisipalite ki pamikonte ki te resevwa deklarasyon IA ak PI nan men FEMA apre Siklòn Irma.

Kritè Elijiblite yo: Zòn reyacha ki pral bay fè yon pwojè fezab ki pral satisfè yon avantaj LMA.

Prim Sibvansyon Maksimòm: \$ 5 000 000

Antite ki responsab administrayon an: Inite Gouvènman Lokal Jeneral (UGLG)

Elijiblite: 105(a)(1), 83 FR 5844-35 Ensitasyon pou lojman nan kominate katastwòf te afekte yo

Objektif Nasional: Avantaj pou moun ki gen revni fèb ak modere (LMI)

Yo pral fè yon revizyon elijiblite zòn reyacha yo pou asire ke izaj final pwopriyete yo bay yon zòn sèvis pou pwojè a kote omwen 51 poustan rezidan yo LMI.

Reyitilizasyon Konpatib Kreyativ Pwopriyete a

DEO pral kreye gid ak meyè pratik pou kominate yo ka konsidere fason yo ka sèvi ak pwopriyete ki achte nan pwogram sa a nan yon mannyè k ap benefisyé publik la, epi ki satisfè egzijans HUD genyen pou espas vèt pèmanan. Sa gendwa gen ladan konsepsyon kreyatif pou itilizasyon dlo lapli, espas pak ak lòt egzanp ankò. Yo pral ankouraje kominate k ap patisipe nan pwogram sa a pou yo gen yon plan k ap montre fason yo pral itilize pwopriyete sa alavni pou yo plis redui risk inondasyon ak/oswa fason l ap sèvi kòm yon espas Iwazi pou publik la.

Peryòd Abòdabilite yo

Yo gendwa egzije pwopriyete k ap chache asistans atravè pwogram ki fè pati plan dakson eta Florid la pou yo konfòm a egzijans peryòd abòdabilite yo. Egzijans abòdablite yo se:

1. Pwojè amenajman ak rekonstriksyon kay miltifamilyal pou lwave ki gen senk apatman oswa plis yo pral egzije pou pwopriyete lokatif ki resevwa asistans yo rete abòdab pou lokatè LMI yo pandan 15 zan ominimòm. Asistans yo bay Otorite Lojman publik yo ka tonbe nan kategori sa a.
2. Pwojè nouvo konstriksyon kay miltifamilyal pou lwave ki gen senk apatman oswa plis yo pral egzije pou pwopriyete lokatif ki resevwa asistans yo rete abòdab pou lokatè LMI yo pandan 20 tan ominimòm.
3. Peryòd Abòdabilite pou inite lokatif ki se kay inifamilyal yo pral 1 an ominimòm, amwenske gouvènman lokal yo te tabli peryòd abòdabilite k ap dire pi lontan. Otorite Lojman Publik k ap chache fè amenajman oswa rekonstriksyon apatman nan lojman miltifamilyal yo dwe asire ke pwopriyete lokatif ki resevwa asistans lan rete abòdad pou lokatè LMI yo pandan 15 zan ominimòm (si li gen uit apatman oswa plis).

- Fòmasyon pèsonalize; ak
- Fòmasyon Pratik nan Travay (OJT).

DEO pral chwazi antite pou bay sèvis fòmasyon mendèv pa mwayen yon sik aplikasyon konpetitif. DEO pral chache pwopozisyon nan Konsèy Developman Mendèv Lokal elijib, enstitisyon edikativ yo, ak sant teknik yo, ki pral dekri sèvis yo ka ofri nan kominote ki te afekte yo. **Pwogram sa a pa yon pwogram sibvansyon dirèk. Yo p ap peye okenn fon dirèkteman bay moun endividyle k ap chache jwenn fòmasyon pwofesyonèl.**

Seksyon 3 pwogram lan egzije pou benefisyè ki resevwa finansman CDBG-DR yo ofri, nan mezi sa posib, fòmasyon, travay, kontra, ak lòt opòtinite ekonomik pou moun ki gen revni fèb ak revni trè fèb yo ak zafè biznis ki ofri opòtinite ekonomik pou moun ki gen revni fèb ak revni trè fèb yo. Y ap egzije sou-benefisyè yo pou yo demonstre efò y ap fè pou yo rekrite ak sible rezidan k ap resevwa asistans lojman piblik ak lòt moun ki gen revni fèb ak revni trè fèb yo.

Alokasyon pou Aktivite a: \$14 450 656

Soubenefisyè Elijib: Konsèy Developman Mendèv Lokal (LWDB), etablisman ansèyman, ak sant teknik Florid yo

Prim Maksimòm: PA APLIKAB

Antite ki Responsab pou Administrasyon Prim Sibvansyon an: DEO, Sou-Benefisyè

Elijibilite: 105(a)(8)

Objektif Nasyonal: Avantaj pou moun ki gen revni fèb ak modere (LMI)

Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis

Ti biznis se fòs lavi ekonomi lokal toupatou nan ta a. Divès ti biznis toupatou nan Florid tout ap kreye travay, epi y ap sipòte kominote yo, kèleswa magazen vant an detay, restoran, kontraktè konstriksyon yo oswa pwasònri yo. Lè ti biznis yo soufri akoz katastwòf yo, li ka gen anpil efè konsiderab. Dega nan estrikti, ekipman, ak envantè yo, melanje ak efè negatif ki gen sou baz kliyantè la, ka lakoz anpil pèt revni ak travay, ki gen efè negatif sou tout anplwaye ak kominote biznis lan. Byenke anpil pwopriyetè biznis gen asirans pou estrikti yo epi kèk ladan yo ka gen asirans sou kontni ki anndan biling yo tou, evènman tankou sila sa yo ka mande pou pwopriyetè ti biznis yo aplike pou kredi ak prè pwolonje, menm fin depanse kont epay yo pou konplete reparasyon ak ranplasman ki pi piti yo pou asire ke yo kite pòt yo ouvè. Jan yo montre nan evalyasyon bezwen ki poko satisfè yo, Ouragan Irma te afekte anpil ti biznis toupatou nan Florid, ansanm ak òganizasyon san bi likratif yo. Pou ede ti biznis yo ak òganizasyon san bi likratif yo konplètman retabli yo apre tanpèt la, DEO pral kreye yon Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis pou biznis ak òganizasyon san bi likratif elijib ki nan zòn ki plis afekte ak plis an detrès yo. DEO ka chwazi yon sou-benefisyè pou administre pwogram sa a ki demonstre yo gen eksperyans nesesè k ap sipòte ti biznis k ap chache fon federal ak kapasite pou ede ti biznis toupatou atravè Eta Florid. Aktivite sou-benefisyè ki gen rapò ak pwogram sa a ki gen ladan admision aplikasyon pou sibvansyon an, evalyasyon aplikasyon, vèsman fon yo, ak aktivite fèmti sibvansyon.

Yo dwe itilize fon yo pou itilizasyon ki elijib pou CDBG-DR sèlman. **Pwogram sa a pa yon pwogram dedomajman epi yo pa ofri dedomajman pou pèt revni yo.** Aktivite ki elijib pou finansman yo gen ladan, men pa sèlman, ekipman, mobilye, akseswa, envantè, peman ipotekè, ak espas lokasyon. Dokimantasyon enpak Ouragan Irma te lakoz yo ap obligatwa.

Yo ka itilize fon sibvansyon yo pou yo satisfè egzijans yon fon korespondan, pòsyon, oswa kontribisyon pou nenpòt lòt pwogram federal lè yo itilize I pou reyalize yon aktivite CDBG-DR ki elijib. Yo ka itilize fon Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis yo pou ranbouse depans elijib CDBG-DR ke yo te peye ak lajan prè yo te jwenn nan yon pwogram prè sibvansyone. Yo ka itilize fon Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis yo tou pou peye enterè yo dwe sou pòsyon prensipal prè sibvansyone yo, depi enterè a atribiyab a aktivite yo ki elijib nan kad CDBG-DR. Yo ka itilize fon sibvansyon yo tou pou peye frè oswa pòsyon enterè ki atribiyab a aktivite yo ki elijib nan kad CDBG-DR.

Biznis ak òganizasyon san bi likratif elijib ki resevwa yon prim nan kad Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan ka obligatwa pou w mentni asirans inondasyon pou asire ke pwopriyete CDBG-DR ede yo pwoteje kont katastwòf alavni. Y ap egzije pou gen asirans inondasyon ki konfòm a NFIP pou nenpòt ekipman yo achte ki koute plis pase \$5 000 pandan dire itilite ekipman oswa dire sibvansyon, si biznis lan oswa òganizasyon san bi likratif la sitiye anndan plèn inondab la.

Biznis Ouragan Irma te afekte yo ka pa sèlman sibi dega nan estrikti fizik, ekipman, ak envantè yo, men tou chanjman ki fèt nan ekonomi an apre katastwòf la ka kontinye afekte yo. Menm avèk prè, sivansyon ak lòt asistans apre katastwòf yo, biznis ki nan zòn ki te afekte yo ka kontinye ap debat. Biznis yo ka bezwen asistans ki adapte a modèl biznis yo epi k ap ogmante rezistans yo pou asire ke lè asistans apre katastwòf la fini, yo pa sèlman siviv, men pou yo pwospere. Li esansyèl pou n asire siksè ti biznis yo pou n ka mentni ekonomi lokal la epi sipòte retablisman konplè kominote yo. Pou ofri resous pou sipòte biznis katastwòf la afekte yo, y ap itilize **\$3 500 000** nan fon ki soti nan Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan pou reyalize yon pwogram asistans teknik pou ti biznis ak òganizasyon san bi likratif Ouragan Irma te afekte yo. Y ap bay biznis ki te resevwa yon sibvansyon atravè Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan yo priyrite.

Pwogram asistans teknik lan ka gen ladan seminè, konsiltasyon, ak lòt fòm asistans ki gen rapò ak:

- Jesyon zafè biznis;
- Aksè a kapital;
- Elaborasyon nouvo modèl komèsyal;
- Enfòmasyon sou chanjman nan mache rejyonal espesifik yo;
- Asistans pou jesyon kontab ak finansyè;
- Piblisite ak lavant; ak
- Mezi kontinite ak rezistans pou biznis yo.

Y ap bay sèvis asistans teknik yo nan lang Anglè, Panyòl ak Kreyòl Ayisyen.

Y ap itilize **\$3 500 000** nan fon yo rezève pou pòsyon asistans teknik nan kad Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan pou angaje yon founisè oswa deseri founisè pou bay sèvis asistans teknik. Florid pral chache pwopozisyon nan men founisè sèvis yo, ki pral dekri sèvis yo ka ofri biznis ak òganizasyon san bi likratif ki te afekte yo. Founisè (yo) yo angaje yo pral bay biznis ak òganizasyon san bi likratif elijib yo asistans teknik. Yo p ap peye okenn fon pou asistans teknik dirèkteman bay biznis yo oswa òganizasyon san bi likratif k ap chache resevwa asistans teknik yo.

Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis la pral pwomouvwa kreyasyon travay, retansyon travay, ak avansman revni pou moun ki gen revni fèb ak modere lè yo itilize objektif nasyonal nan avantaj moun ki gen revni fèb ak modere yo. Y ap itilize omwen 50 poustan nan fon Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis yo pou satisfè objektif nasyonal nan avantaj moun ki gen revni fèb ak modere yo Pwogram Sibvansyon pou Retablisman Biznis lan pral satisfè yon nòm avantaj publik global nan ansanm yon pòs travay yo kreye oswa mentni pou chak \$50 000 asistans yo resevwa; egzijans sa a pa aplike pou fon asistans teknik yo. Tout pwojè BRGP finanse yo dwe satisfè yon objektif nasyonal elijib. Y ap itilize objektif nasyonal bezwen ijan an sèlman si pwojè a pa satisfè egzijans LMI yo, men yo bezwen l pou soulaje kondisyon ijans ki poze yon menas grav ak imeda pou sante ak byennèt kominate a.

Alokasyon pou Aktivite a: **\$40 839 905**

Aplikan Elizib yo: Pou biznis a bi likratif ak sila ki san bi likratif yo, jan SBA defini dapre 13 CFR Pati 121. (*gade nan <https://www.sba.gov/document/support--table-size-standards>*), kote y ap demonstre dega, pèt, ak lòt enpak ki te rive akoz Ouragan Irma.

Kritè Eliziblite yo: Ti biznis ak òganizasyon san bi likratif yo dwe sitiye nan yon zòn HUD oswa eta te idantifye kòm yon zòn ki plis afekte ak plis an detrè akoz dega Ouragan Irma epi yo dwe t ap fonksyone depi omwen 10 septanm 2017.

Prim Sibvansyon Minimòm pou yon Biznis/Òganizasyon San Bi Likratif: \$25 000

Prim Sibvansyon Maksimòm pou yon Biznis/Òganizasyon San Bi Likratif: \$500 000

Antite ki Responsab pou Administrasyon Prim Sibvansyon an: DEO, Sou-Benefisyè

Elijiblite: 105(a)(15), 105(a)(17), ak 105(a)(8)

Objektif Nasyonal: Avantaj pou moun ki gen revni fèb ak modere oswa Bezwen Ijan

Aktivite pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti yo

Eta Florid te fè anpil gwo envestiman nan aktivite pou limite dega pandan dènye 25 ane ki sot pase yo pou asire enfrastrikti yo kapab reziste enpak van ak evènman inondasyon yo. Ouragan Irma te yon bèl reyisit pou eta a paske evalyasyon dega enfrastrikti yo pa te elve jan yo te prevwa gras a gran jan envestisman sa a ki te fèt toupatou nan eta a. DEO pral kontinye ranfòse enfrastrikti eta a pa mwaven kreyasyon Pwogram pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti ki otorize kominate yo itilize CDBG-RD pou rantabilize lòt sous finansman tankou Pwogram Sibvansyon pou Redui Danje a (HMGP), Pwogram Asistans Publik 406 pou Limite Dega a (406 PA). Gen kèk kominate ki pa an mezi pou yo konplètman itilize lòt resous sa yo apre yon katastwòf paske finansman lajan kach ki gen derezèv la gentan fin depanse nan efò rekiperasyon apre katastwòf yo epi yo pa kapab satisfè egzijans pou fon korespondan lokal yo. Lè yo otorize gouvènman lokal yo rantabilize finansman CDBG-DR la kòm fon korespondan, sa pral pèmèt kominate yo, espesyalman gouvènman lokal, riral ki pi piti yo, pi byen itilize tout resous ki disponib pou yo.

Y ap abòde avantaj-pri nan kad elaborasyon politik ak pwosedi yo. DEO rekonèt ke aktivite enfrastrikti yo ka gen risk enprevi ki ka potansyèlman afekte kominate yo. Avèk konpreyansyon sa a, DEO pral swiv direktiv ki preskri nan Rejis Federal la pou evite gen enpak demezire sou popilasyon vilnerab yo ak enjistik anviwònmantal. Anplis de sa, DEO rekonèt enpòtans rezistans kont tanpèt yo alavni, epi yo pral deplwaye teknoloji adaptab ak fyab pou pwoteje enfrastrikti yo pou yo pa kraze avan lè yo. DEO pral dekri aplikasyon DEO pral konsidere LMI kòm objektif nasyonal pou pwojè enfrastrikti yo. Y ap itilize objektif nasyonal bezwen ijan an sèlman si pwojè a pa LMI, men yo bezwen l pou soulaje kondisyon ijans yo. Lè y ap itilize bezwen ijan

kòm yon objektif nasyonal, DEO pral chache jwenn jistifikasyon nan men gouvènman oswa minisipalite lokal la pou sètifye ijans kondisyon an.

Aplikan yo dwe pouswiv yon seri aktivite elijib jan yo otorize daprè règlement CDBG-DR yo pou apwopriasyon sa a, depi yo annakò ak egzijans limit DEO yo ak egzijans pou aktivite aplikab la jan yo dekri nan Plan Dakson an ak nan Rejis Federal la. Y ap egzije pou aplikan yo satisfè règleman HUD yo, tankou sou plan anviwònmantal, nan ensistans demann avantaj yo, lojman ekitab ak lòt ankò.

Eta a te adopte nòm kontwòl yo, ki gen ladan (i) asire yo satisfè egzijans pwogram lan (ki gen ladan asire pa gen avantaj doub), epi (ii) kontinye ofri kontwòl kalite epi sipèvize pwogram lan kòmsadwa. Nòm ak pwosedi sa yo fè pati Plan Reyalizasyon avan yo atribiye sibvansyon an jan Rejis Federal la preskri. DEO ap reyalize kontwòl la gras a sipò yon vandè ekstèn y ap chache jwenn pa mwayer demann konpetitif pou asire ke aktivite pwogram yo pwogrese anvè finisman nan yon delè apwopriye epi pou pèmèt idantifikasiyon preyalab kesyon ak pwoblèm potansyèl yo pou yo ka prevni yo oswa koriye yo.

Kontwòl yo pral gen ladan tou konfòmite anviwònmantal daprè 24 CFR Pati 58 la. DEO gen anplwaye aktyèlman la ki pral sipèvize konfòmite anviwònmantal la. Anplis, y ap siplemente anplwaye aktyèl yo avèk vandè ekstèn y ap jwenn pa mwayer demann konpetitif.

Pwogram kontwòl Retablisman apre Katastwòf DEO a gen ladan kontwòl biwo, ak kontwòl sou tèren avèk priyorite ak frekans k ap baze sou rezulta evalyasyon risk chak soubenefisyè yo. Objektif evalyasyon risk la se pou defini anplè ak konsantrasyon efò kontwòl yo, ki gen ladan tabli yon kad pou detèmine nivo kontwòl apwopriye ki koresponn ak resous ki disponib yo. Anplis, y ap egzije yo fè evalyasyon risk la chak ane fiskal eta a pou garanti yo kontinye revize risk yo. Kontwòl DEO a ap baze sou kritè ki konfòm ak gid HUD yo nan pwosesis evalyasyon risk pwogram lan. Evalyasyon risk la ofri baz pou devlope estrateji kontwòl endividiyèl epi dokimante desizyon ak rekòmandasyon konsènan kote pou yo aplike resous anplwaye ak vwayaj yo nan kad kontwòl, fòmasyon, ak/oswa asistans teknik.

Komisè Kont Jeneral Florid la ak anplwaye I yo pral aji kòm kontwolè endependan eta a epi y ap responsab pou yo mennen verifikasyon finansyè pou kont ak dosye ajans eta a yo. Kote sa aplikab, politik ak pwosedi kontablite DEO yo dwe reflete egzijans Biwo Komisè Kont Jeneral la.

Eta Florid devwe nan efò prevansyon fwòd, gaspiyaj, ak abi. Biwo Enspektè Jeneral DEO a ap sèvi kòm komisè kont entèn pou DEO. Vandè ekstèn y ap chache jwenn pa mwayer demann konpetitif yo ka sipòte nan kad fonksyon verifikasyon entèn ki asosye ak finansman pou Retablisman apre Katastwòf la. Y ap pran tout ka fwòd yo sisplèk oserye epi y ap rapòte plent yo bay Biwo Enspektè Jeneral DEO a nan OIG@deo.myflorida.com [oswa 1-855-456-0650](tel:1-855-456-0650). Si Biwo Enspektè Jeneral la gen motif rezonab pou yo kwè ke te gen yon vyolasyon lwa kriminèl, Biwo a pral rapòte konklizyon sa bay ajans fòs lapolis apwopriye a byen rapid.

Alokasyon pou Aktivite a: **147 411 853**

Prim Maksimòm: PA APLIKAB

Antite ki Responsab pou Administrasyon Prim Sibvansyon an: DEO

Elijibilite: 105(a)(2)

Objektif Nasyonal: Avantaj pou moun ki gen revni fèb ak modere oswa Bezwen Ijan

Apandis 11: Pwojeksyon depans yo

DEO te devlope yon kalandriye pèfòmans ak depans ki gen ladan previzyon pèfòmans pou ni depans ni mezi rezulta pou pwogram, livrezon pwojè ak aktivite administrasyon yo ki nan graf la anba a.

Hurricane Irma Projected Quarterly Expenditures														
Cost Category	3/31/2018	6/30/2018	9/30/2018	12/31/2018	3/31/2019	6/30/2019	9/30/2019	12/31/2019	3/31/2020	6/30/2020	9/30/2020	12/31/2020	3/31/2021	
	Q3 2017-2018	Q4 2017-2018	Q1 2018-2019	Q2 2018-2019	Q3 2018-2019	Q4 2018-2019	Q1 2019-2020	Q2 2019-2020	Q3 2019-2020	Q4 2019-2020	Q1 2020-2021	Q2 2020-2021	Q3 2020-2021	Q4 2020-2021
Administrative Costs	\$0	\$0	\$268,157	\$645,101	\$2,170,447	\$1,242,157	\$1,288,361	\$2,345,129	\$2,100,000	\$2,100,000	\$2,100,000	\$2,100,000	\$2,100,000	\$2,100,000
Planning Costs	\$0	\$0	\$109,772	\$0	\$0	\$45,266	\$12,557	\$3,251	\$104,158	\$104,158	\$104,158	\$104,158	\$104,158	\$104,158
Housing Repair Program			\$352,703		\$1,164,558	\$5,834,782	\$4,564,854	\$8,340,322	\$16,383,289	\$16,224,854	\$17,390,854			
Workforce Affordable Rental New Construction: Leveraging Other Sources of Financing												\$20,000	\$20,000	\$20,000
Workforce Affordable Rental New Construction: Small Rental												\$20,000	\$20,000	\$20,000
Land Acquisition for Affordable Workforce Housing												\$20,000	\$20,000	\$20,000
Voluntary Buyout Program													\$2,500,000	
Workforce Recovery Training														\$2,000,000
Business Recovery Grant														\$15,000,000
Infrastructure Repair														
Total	\$0	\$0	\$377,929	\$997,804	\$3,335,005	\$7,122,206	\$5,865,772	\$10,688,702	\$18,647,447	\$18,489,012	\$39,151,012			
Cost Category	12/31/2020	03/31/2021	06/30/2021	09/30/2021	12/31/2021	03/31/2022	06/30/2022	09/30/2022	12/31/2022	03/31/2023	06/30/2023	09/30/2023	12/31/2023	03/31/2024
	Q2 2020-2021	Q3 2020-2021	Q4 2020-2021	Q1 2021-2022	Q2 2021-2022	Q3 2021-2022	Q4 2021-2022	Q1 2022-2023	Q2 2022-2023	Q3 2022-2023	Q4 2022-2023			
Administrative Costs	\$2,100,000	\$2,100,000	\$1,800,000	\$1,800,000	\$1,600,000	\$1,600,000	\$1,600,000	\$1,600,000	\$1,600,000	\$1,500,000	\$1,500,000			
Planning Costs	\$104,158	\$104,158	\$104,158	\$104,158	\$104,158	\$98,021	\$90,000	\$90,000	\$90,000	\$90,000	\$90,000			
Housing Repair Program	\$18,673,454	\$20,084,314	\$21,632,630	\$18,564,854	\$18,564,854	\$18,564,854	\$18,564,854	\$18,064,854	\$17,814,854	\$17,814,854	\$17,814,854			
Workforce Affordable Rental New Construction: Leveraging Other Sources of Financing		\$20,000	\$20,000	\$24,900,000	\$25,000,000	\$25,000,000	\$25,000,000							
Workforce Affordable Rental New Construction: Small Rental		\$20,000	\$20,000	\$4,900,000	\$5,000,000	\$5,000,000	\$5,000,000							
Land Acquisition for Affordable Workforce Housing		\$20,000	\$20,000	\$4,900,000	\$5,000,000	\$5,000,000	\$5,000,000							
Voluntary Buyout Program		\$15,000,000	\$15,000,000	\$14,117,239										
Workforce Recovery Training		\$4,000,000	\$4,000,000	\$3,950,656										
Business Recovery Grant		\$14,000,000	\$12,000,000	\$11,137,963										
Infrastructure Repair		\$25,000,000	\$25,000,000	\$24,113,795	\$20,000,000	\$20,000,000	\$20,000,000							
Total	\$78,937,612	\$78,348,472	\$111,556,441	\$75,469,012	\$75,269,012	\$75,262,875	\$20,254,854	\$19,754,854	\$19,504,854	\$19,404,854	\$19,154,854			
Cost Category	09/30/2023	12/31/2023	03/31/2024	06/30/2024										
	Q1 2023-2024	Q2 2023-2024	Q3 2023-2024	Q4 2023-2024	Total									
Administrative Costs	\$1,400,000	\$1,400,000	\$1,400,000	\$1,426,814	\$38,686,166									
Planning Costs	\$90,000	\$90,000	\$90,000	\$90,000	\$1,912,131									
Housing Repair Program	\$17,564,854	\$17,564,854	\$17,564,854	\$17,320,041	\$346,180,050									
Workforce Affordable Rental New Construction: Leveraging Other Sources of Financing					\$100,000,000									
Workforce Affordable Rental New Construction: Small Rental					\$20,000,000									
Land Acquisition for Affordable Workforce Housing					\$20,000,000									
Voluntary Buyout Program					\$44,117,239									
Workforce Recovery Training					\$14,450,656									
Business Recovery Grant					\$39,137,963									
Infrastructure Repair					\$149,113,795									
Total	\$19,054,854	\$19,054,854	\$19,054,854	\$18,836,855	\$773,598,000									

